



# 5 Enfòmasyon ou Bezwen Genyen Dwa Sivik ak COVID-19

- 1 Lwa New Jersey kont Diskriminasyon an (New Jersey Law Against Discrimination - ki rele tou LAD) pwoteje ou kont diskriminasyoon ak pèsekisyon ki baze sou sa yon moun wè oswa konsidere kòm ras, peyi kote yon lòt moun soti, oswa reliyion, andikap, ak lòt karakteristik pwoteje nan kesyon travay, kay pou moun rete, ak enstalasyon publik (tankou kote ki dwe louvri pou tout moun, komès, lekòl, sant pou swen sante, elatriye...), epi sa vle di tou lè se yon ka ki anrapò avèk COVID-19.**
- 2 Pwoteksyon LAD nan kesyon travay vle di, pa egzanp, patwon ou pa gen dwa revoke ou paske ou touse nan travay la, epi sa fè li kwè ou genyen COVID-19. Epi si ou fèt nan yon fanmi azyatik delès, epi yon kòlèg ou ap rele maladi a "viris Chinwa" oswa l ap di se Chinwa ki "lakòz" COVID-19 la pou anbete w, oubyen se yo ki responsab maladi a ap gaye, patwon ou dwe pran aksyon rezonnab pou sispann pèsekisyon sa a, si li konnen oubyen ta dwe konnen sa k ap pase a. Finalman, si patwon ou ap sispann travayè poutèt COVID-19, li pa gen dwa chwazi moun sa yo dapre ras yo, oswa peyi kote yo soti, reliyion, laj, andikap, ni okenn lòt karakteristik LAD pwoteje.**
- 3 Kote publik pou resevwa moun, tankou magazen ak sant medikal, pa gen dwa fè diskriminasyon poutèt ras yon moun, ni andikap li genyen, reliyion, si li gen idantite oswa di li se yon gason oubyen yon fi, ni okenn lòt karakteristik LAD pwoteje, nan sèvis kote sa yo fè pou moun. Pa egzanp, lalwa defann yon sant medikal fè differan nivo tès COVID-19 oswa tretman pou pasyan nwa ak blan poutèt ras yo. Anplis, LAD la egzije enstalasyon publik yo pou bay akomodasyon rezonab pou kliyan andikape sof si sa ta dwe yon fado twòp difisil pou operasyon yo. Pou yon makèt oswa famasi, sa vle di fè yon metòd kote moun ki pa ka mete yon mask paske li gen yon andikap ka jwenn machandiz disponib san kontak fizik. Pou lòt lokal enstalasyon publik, tankou jimnazyòm ak sinema, si pa gen okenn akomodasyon rezonab ke etablisman an ka bay ki ta bese risk pou transmisyon COVID-19 bay anplwaye li yo ak lòt kliyan yo e amenmlè pa yon fado twòp difisil pou operasyon li yo, lè sa a, li ka refize moun ki pa ka mete mask paske li gen yon andikap pou antre.**
- 4 Defans kont diskriminasyon ak move tretman nan kesyon kay pou moun rete a vle di, pa egzanp, yon pwopriyetè kay pa gen dwa mande yon lokatè pou li kite kay la paske li gen COVID-19 oubyen paske pwopriyetè a kwè lokatè a genyen COVID-19. Menm jan an, yon pwopriyetè pa gen dwa refize lwe ou yon kote pou ou rete paske ou se yon Jwif, epi yo di se Jwif ki responsab COVID-19 la ap gaye.**
- 5 Ou kapab gen dwa pran yon konje pwoteje nan travay ou dapre Lwa New Jersey sou Konje Familyal la (New Jersey Family Leave Act - ki rele tou NJFLA) pou okipe yon moun nan fanmi w, oswa yon moun ki tankou fanmi w, ki gen yon pwoblèm sante grav, tankou yon dyagnostik COVID-19, oubyen yo izole oswa mete nan karantèn paske yo sispek li kontre avèk virus COVID-19 la. Ou kapab kalifye tou pou pran yon konje pwoteje nan travay pou okipe pitit ou, si lekòl li oswa kote yo okipe timoun lan resevwa lòd fèmen poutèt COVID-19.**

Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou depoze yon plent, ale nan [NJ.gov/oag/dcr/covid.html](http://NJ.gov/oag/dcr/covid.html) oubyen rele nimewo **973-648-2700**



NJ Office of the Attorney General  
(Biwo Komisè Gouvènman NJ)

[NJCivilRights.gov](http://NJCivilRights.gov)

DIVISION ON  
**CIVIL RIGHTS**